

Rayisman oswa diskriminasyon sou baz ras, relijyon, orijin nasyonal, oswa lòt karakteristik yo pa tolere nan vil Nouyòk.

Si yo te anmède oswa atake fizikman oumenm oswa yon moun ou konnen akoz idantite w—enkli ras, etnisite, oswa relijyon w—tanpri rele 911.

Ofisyen NYPD yo p ap mande enfòmasyon sou estati imigrasyon nenpòt moun k ap chèche èd epi asistans nan lang disponib. Ofisyen yo ka ede tou konekte moun ak sèvis sipò viktim ki disponib pou yo.

Ou ka kontakte yon Defansè Víktim Krim tou pou ede w fè fas ak konsekans emosyonèl, fizik ak finansye yon krim, epi chèche lòt opsyon. Rele liy dirèk pou tout krim nan 1-866-689-HELP (4357) TDD: 866-604-5350.

Si yon biznis, yon anplwayè oswa yon mèt kay anmède oswa fè diskriminasyon kont oumenm oswa yon moun ou konnen akoz idantite w, tanpri rele Komisyon NYC Sou Dwa Moun nan 212-416-0197.

Ou gen pwoteksyon kont diskriminasyon nan lojman, nan travay, ak nan andwa publik, ki baze sou ras ou, relijyon, orijin nasyonal ou, laj, sitiyasyon w avèk imigrasyon, andikap, oswa lòt klas ki pwoteje dapre Lwa sou Dwa Moun nan Vil Nouyòk ki ranfòse pa Komisyon NYC Sou Dwa Moun. Vyolatè yo ka oblige peye penalite ak/oswa domaj bay viktim yo. **Pou mande fòmasyon, ki gen ladan Entèvansyon Espektatè rele 212-416-0197 oswa vizite nyc.gov/humanrights.**

Èske w bezwen asistans legal pou imigrasyon?

Si ou se sivivan nan sèten krim grav (kòm travay oswa trafik seksyèl), ou ka elijib pou sèten kalite asistans imigrasyon. Pou jwenn èd legal imigrasyon gratis epi san danje, kèlkeswa estati imigrasyon w, **rele liy dirèk imigrasyon legal Vil la nan 1-800-354-0365, lendi jiska vandredi, 9am jiska 6pm.**

Èske w ap chèche sipò pou sante mantal?

Si oumenm oswa yon moun pwòch ou santi w akable oswa estrese, NYC 988 ka ede w. NYC 988 se yon liy asistans gratis, konfidansyèl pou sipòte sante mantal li disponib 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, nan plis pase 200 lang. **Pou pale ak yon konseye, rele oswa voye tèks 988 oswa chat sou Entènèt nan 988lifeline.org/chat.**



Office for the
Prevention of
Hate Crimes

Office of
Community
Mental Health

Mayor's Office of
Immigrant Affairs

Commission on
Human Rights